

شرح أَلْفَاظِ الْأَذَانِ

Tsananguro yeMazwi eAdhaan

Tsananguro yeMazwi eAdhaan

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira dzidziso dzechiIslam mumitauro yakasiyana-siyana.

Tsananguro yemazwi eAdhaan

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira dzidziso dzelIslam mumitauro yakasiyana

Adhaan kushevedzera kwakabva kuna Tenzi kunonzwiwa nemuMuslim kashanu pazuva, kunomuyeuchidza hukuru hwaAllah (Mwari) uye kunomudaidza kune zvakanaka nekubudirira. Iyi inguva yekukurukurirana pakati pemunhu neMusiki wake, paanozvibvisa paruzha rwenyika kuti amire achinyengetera kuna Tenzi wake. Adhaan haitorwi sekuve chiziviso chenguva yeSwalaah chete, asi kudana kwekudzikama, kutenda, nekuvandudza hukama naAllah (Mwari). Adhaan yakatakura zvirevo zvepamusoro-soro zvinotanga nekukudza Allah (Mwari), uye zvichiguma nekukoka kumunamato (Swalaah), umo muMuslim anowana rugare rwemoyo. Nguva dzose panoitwa Adhaan, inozevezera mumwoyo kuti hupenyu chaihwo hunotanga pakuva padyo naAllah (Mwari).

Mazwi eAdhaan:

**"Allahu Akbar Allahu Akbar, Allahu Akbar
Allahu Akbar (Allah ndivo vakurusa, Allah**

ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa)"

"Allahu Akbar" "Allah ndivo vakurusa."

Shoko rehukuru: "Allah" rinoreva kuti anonamatwa, kureva anokodzera kunamatwa, uye ndiro zita raTenzi Musiki, vane hukuru hwepamusoro, uye mazita ose ehumwari anotevera zita iri pamwe nekuritsanangura. Uye Allah (Mwari) ndivo Mumwechete, vari vega, avo vasina kubereka uye vasina kuberekwa, uye ndivo Musiki wematenga nenyika.

Uye kutaura kwekuti "Allahu Akbar", zvinoreva kuti Allah (Mwari) ndivo mukuru pane zvese, uye vakakwirira zvekuti havangabatanidzwi nezvisingaenderane nehukuru hwavo nekukwana kwavo.

"Allahu Akbar" "Allah (Mwari) ndivo vakurusa".. Chirevo ichi chinoyeuchidza muMuslim kuti hapana chinhu muhupenyu huno chinofanira kumutsausa kubva kuMusiki wake, uye kuti munhu anofanira kurarama hupenyu hwake zvinoenderana nekuda kwaAllah (Mwari) nemitemo yavo, kwete zvinoenderana nezvishuwo zvake nehavi dzake, nekuti Allah (Mwari) ndivo vakurusa kudarika zvese zviri panyika.

«Allahu Akbar» (Allah (Mwari) ndivo mukurusa) mazwi anonzwiwa nemugadziri obva amisa kugadzira kwake, nemurimi obva amira kurima

kwake, nemutengesi obva avhara chitoro chake, nemudzidzisi obva amisa chidzidzo chake; nekuti Allah (Mwari) ndivo mukurusa kudarika chero basa nekushanda kwese, uye kumira uku nekutendeukira kunonamata humbowo hwekuti Allah (Mwari) ndivo mukurusa mumoyo memutendi kudarika zvinhu zvese zvepanyika. Allah (Mwari) vakurusa kudarika muedzo wese nenjodzi, uye kudarika chero mampiriro ezvinhu muhupenyu. Uye uyo anotenda izvozvo anoona matambudziko semadiki, uye moyo wake unodzikama nekuti ari pamwe naAllah (Mwari), achigutsikana nezvakatarwa navo, achivimba nehuchenjeri hwavo nehurongwa hwavo.

Ash-hadu an Laa ilaaha illAllah, Ash-hadu an Laa ilaaha illAllah-Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari), ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari).

Ash-hadu an Laa ilaaha illAllah-Ndinopupura kuti hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah

Uhu ndihwo huchapupu hwekutanga, uye zvinoreva kubvuma kuna Allah (Mwari) kuti ndivo Musiki wezvinhu zvese, Tenzi wazvo, neMuridzi wazvo, neMurongi wazvo, uye kuti ndivo voga vakakodzera kunamatwa pasina zvese zvisiri ivavo,

uye kuti hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari) vari vega, uye kuti ndivo vamwe chete havana mubatsiri, uye havana mwana, uye hakuna chinhu chakafanana navo; saka kunamata hakufanirwe kuitirwa zvese zvisiri Allah (Mwari) uye hakuna anofanirwa kukumbirwa kunze kwaAllah (Mwari).

Uye kupupura uku ndiko kupupura kukuru kudarika kwose kuripo, uye ndiko hwaro hwekutenda mumashoko ose ehumwari. Saka vaporofita vose, rugare ngaruve pavari, vakaita saNuhu, Abraham, Musa, naIsa kusvika kuna Muhammad, vakakoka vanhu vavo kuti vabvume, vagamuchire, uye vatende kuti hapana chinofanirwa kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari). Uye ndiro shoko rakasikirwa zvisikwa naAllah (Mwari), uye vakatuma vatumwa kuti varitsinhire, vakadzikisa mabhuku kuti arijekese, uye vakaita kuti Paradhiso ive mubairo kune uyo anotenda mushoko iri akazvipira nemoyo wake, uye vakarambidza Moto kune uyo anofa aine chokwadi naro.

Ndiyo svombonoro yekutenda, nemusuwo weruponeso, nemusimbati wechitendero, uye nenheyo yehumwechete hwaAllah (Tawhid).

Pamusana peshoko iri vanhu vachamutswa kubva mumakuva avo, uye vachatongwa paZuva reKutongwa; saka ani naani anorarama naro, opedzisa hupenyu hwake nekuritaura,

zvirokwazvo, anobudirira kubudirira kukuru. Uye ani naani asingaritauri anofanirwa kugara muMoto wegehena nekusingaperi.

**Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah, Ash-hadu anna Muhammadan Rasululllah
(Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah, Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah.)**

Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah, (Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah)

Zvinoreva huchapupu uhwu ndezvekuti muMuslim apupure kuti Allah vakatuma Muhammad semutumwa wekupedzisira wemashoko aAllah (Mwari), uye semuparidzi kuvanhu wemashoko aTenzi wavo kwavari, uye kuti muMuslim atende zvakasimba kuti hapana nzira yekunamata Allah (Mwari) nekuwana mufaro wavo kunze kwekupupura nezvehutumwa hweMutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari), kuvatevera nekuvatevedzera, nekunamata Allah (Mwari) kuburikidza nemitemo yakaparidzwa neMutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari), uye kuti kunamata kwese kunoitwa nemunhu kuti aswedere pedyo naAllah (Mwari), kusina kuparidzwa neMutumwa, kunamata kusina maturo uye hakubatsiri muridzi wako panyika

nemuhupenyu hwamangwana, asi kuti achabvunzwa pamusoro pako nekuzorangwa; nekuti akanamata Allah (Mwari) nenzira isina kuparidzwa neMutumwa wavo (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari).

Uye huchapupu uhwu hunosanganisira kuti Mutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) muranda waAllah uye Mutumwa waTenzi wezvisikwa zvose, uye hunosanganisirawo kuti Mutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari) ndivo wekupedzisira wevatumwa (rugare ngaruve pavari), uye kuti hapana muporofita mushure mavo. Zvekare hunosanganisira kutenda muzviratidzo zvose zvavakauya nazvo, uye chikuru chazvo iQur'an rinoera, iro rinova shoko raAllah (Mwari) rekupedzisira richiripo mumutauro warakaburutswa nawo, rakachengetedzwa kubva mukuwedzerwa, kupungudzwa nekushandurwa, Uye kuti Qur'an rinoera iri haringaenzaniswi pakutsetsenura kwaro, pamitongo yaro, uye nekutungamirira kwaro. Uye zvirokwazvo Allah (Mwari) vakaomesera vanhu vakavati vauye kunyangwe nechitsauko chimwe chete chakafanana naro; asi vakakundikana mukufamba kwemakore uye kusvika nanhasi, uye vanhu vachiri kukundikana kuita izvozvo.

Uye kupupura uku kunosanganisira kuti Mutumwa (rugare nemakomborero aAllah

ngazvive pavari) vakauya kuzodzosea vanhu kuumwechete hwaAllah, sezvakaita vatumwa vakavatangira kuvepo saAbraham, Musa nalsa (rugare ngaruve kwavari). Naizvozvo ivo Mutumwa waTenzi wezvisikwa zvese, vakafamba munzira yakafambwa nemaporofita vese mukuparidza kwavo mashoko aTenzi wavo, asi hapana muporofita mushure mavo.

Hayya 'ala aSw-swalaah, Hayya 'ala aSw-swalaah (Huyai kumunamato (Swalah), Huyai kumunamato (Swalah),.

Hayya 'ala aSw-swalaah (Huyai kumunamato (Swalah)).

Zvinoreva chirevo ichi ndezvekuti: imi vatendi, uyai kuzonamata Tenzi venyu, nokuti ndivo vane ruregerero, vane tsitsi, vanotambira kutendeuka, uye vanoregerera mabasa akaipa.

Rukudzo rukuru kwazvo kuti Allah (Mwari) varaire munhu munzvimbo imwe neimwe ine boka remaMuslim kuti adaidzire Adhaan, achivakoka kashanu pazuva rega rega achiti kwavari: Uyai muswedere pakunamata Tenzi venyu.

Zvirokwazvo ndiko kudaidzira neyeuchidzo kuvatendi kuti nguva yavo yekunamata Tenzi wavo yakwana, uye kuti vanofanira kurega zvinhu zvinovavhiringidza pazvinhu zvehupenyu hwepanyika, votendeukira kukunamata; uye kuti vasiye zviri mumaoko avo sekutengeserana kana

zvekurima voenda kuna Allah (Mwari). Uye uhwu humbowo hwechokwadi hwekutenda, uye hunoiswa pekutanga pane mafaro ese ehupenyu hwepanyika.

Zvirokwazvo, uku kudaidzira kunodaidza vanhu kumunamato (Swalaah), unova chisungo chakananga pakati pemuranda naTenzi vake. Zvirokwazvo, uku kunamata kunoputsa kupatsanurwa kwevanhu mumapoka uye kunoita kuti vanhu vaenzane pamberi paTenzi vavo.

Hayya 'alal falaah, hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro, huyai kubudiriro.)

Hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro.)

Kubudirira zvinoreva kufadzwa, kubudirira, kuchengetedzeka nekununurwa muhupenyu hwepasi nehunotevera, uye mufaro husingaperi, nekutungamirirwa kunzira yakarurama.

Uye zvinoreva mazwi aya zvinosanganisira kuwana mufaro waAllah (Mwari), nekubudirira kuwana Paradhiso, nekununurwa kubva kuMoto; nokuti uyo anotenda, akanamata, zvirokwazvo anobudirira, uye uyo anobudirira zvirokwazvo anunurwa, uye anobudirira nekuwana hupenyu husingaperi muParadhiso.

Zvirokwazvo, Muadhin anoyeuchidza vatendi panguva yega yega yemunamato (Swalaah) kuti: huyai kune rugare nekuchengeteka, zororo

remoyo, kuchena kwemweya, uye mufaro wenyika ino neyehupenyu hunotevera.

Allahu Akbar Allahu Akbar, Laa ilaaha illallahu, (Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa, hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari)...)

Kupedzisa neTakbiir neTawhiid.

Adhaan inopedziswa nekudzokorora mutsara wekuti "Allahu Akbar" "Allah (Mwari) ndivo mukurusa", uye nekutsinhira kuti "La ilaha illa Allah" - Hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari). Uye mitsara miviri iyi kutsinhira zvirevo zvapfuura, uye pairi ndipo panechikonzero chekuvapo kwevanhu. Uye chokwadi ichi ndicho chokwadi chakaperera pamusoro pezvakasikwa nekuvapo kwazvo, angave munhu achichinzwisisa kana kusachinzwisisa, achichiziva kana kusachiziva. Zvirokwazvo zvokwadi zvikuru hazvikanganiswi nekusaziva kwevamwe vanhu nezvazvo. Chokwadi ichi hachishanduki uye hachipinduki kunyangwe nguva ikareba zvakadii, uye kunyangwe zviitiko zvikatevedzana zvakadii, chinova chekuti Allah (Mwari) vakuru pane zvinhu zvose, uye kuti Allah (Mwari) ndivo Mwari wechokwadi, uye kuti ndivo vega vakakodzera kunamatwa, uye kuti kunamatwa kwechose chisiri ivo ndekwenhema.

Zvirokwazvo, iyi Idaidzo yekukudza izvo zvakakudzwa naAllah (Mwari), uye kupupura kuna Allah (Mwari) neizvo zvavakazvipupurira ivo pachavo, uye vakapupurirwawo nevatumwa, rugare ngaruve pavari, uye vatendi vakapupurawo izvozvo.

Pakupedzisira: Adhaan haingori chete kushevedzera kumunamato (Swalaah), asi kuti kushevedzera kubudiriro, kukunda pamwe nebudiriro. Ishoko rinodzokororwa mumaMasjid kashanu pazuva, kuitira kumutsa mwoyo; uye kutiyeuchidza kuti Allah (Mwari) vari pedyo, uye kuti kugadzikana kunokwanisika, uye kuti inzira inoenda kubudiriro inotanga nemunamato (Swalaah) pamwe nekubatana pakati pemuranda neMusiki wake.

Saka akadzikorora pamwechete naMuadhin kuti: Allahu Akbar, Allahu Akbar, Laa ilaaha illallahu (Allah ndivo mukurusa, Allah ndivo mukurusa, hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah), anenge adzikorora kukupupura kwehumwechete hwaAllah (Tawhid), uye anenge apupura pane izvo Allah (Mwari) vakazvipupurira pachavo, uye nechokwadi chakauya nenumwa dzavo, unozova pakati pevakabudirira pamwe nemaMuslim anonamata Allah vari voga.

Vhura moyo wako kune zvekutenda, utaure kuti: "Ash-hadu an Laailaha ilaAllh, wa Ash-hada anna Muhammadan Rasulullah" - (Ndinopupura kuti

hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari), uye ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah), uchapinda mutsitsi dzaAllah (Mwari), uye uchakunda nekuwana mufaro pasi pano, neruponeso muhupenyu hwamangwana, uye uchamutswa pazuva rokumutswa uri muboka revatendi.

الفهرس

Tsananguro yeMazwi eAdhaan.....	2
Tsananguro yemazwi eAdhaan.....	2
Mazwi eAdhaan:.....	2
"Allahu Akbar Allahu Akbar, Allahu Akbar Allahu Akbar (Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa)"	2
Ash-hadu an Laa ilaaha illAllah, Ash-hadu an Laa ilaaha illAllah-Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari), ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari).	4
Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah, Ash-hadu anna Muhammadan Rasululllah (Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah, Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah.)	6
Hayya 'ala aSw-swalaah, Hayya 'ala aSw-swalaah (Huyai kumunamato (Swalah), Huyai kumunamato (Swalah),	8
Hayya 'alal falaah, hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro, huyai kubudiriro.)	9
Allahu Akbar Allahu Akbar, Laa ilaaha illallahu, (Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa, hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari)...).....	10